

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

MAS 2018

Volim 10, NIMEWO 41

SA KI LADAN:

- Sekirite nan Lekòl
- Fason pou Fè Fas ak Trajedi
- Kalandriye Lekòl

M-DCPS SIPÒTE LEKÒL LETA BROWARD



*Nou Kanpe avèk vwazen
nou nan Broward*

DOUGLAS STRONG!

#MSDStrong

ANSEYE TIMOUN YO KONSÈNAN SEKIRITE LÈ Y AP NAJE

Sekirite nan dlo se yon gwo enkyetid chak ane paske tèlman gen dlo nan Florid! Se vrèman yon defi lè tanperati a ap vin pi cho, dlo a sanble l fre, e timoun yo santi yo ta plonje ladan.

Se pou sa Lekòl Leta Miami-Dade County ap montre timoun yo naje, nan gwo pisin y ap transpòte soti nan yon lekòl ale nan yon lòt.

Pwogram Aprann Naje Nou an ap antre nan 43èm ane li avèk plizyè milye elèv



Miami-Dade ki ap aprann naje chak ane! Se fason pa nou pou n ede asire fanmi yo aktivite ki ap fèt nan dlo

yo gen sekirite. Pou plis enfòmasyon, vizite:

<http://pe.dadeschools.net/learntoswim.asp>

REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

21 mas

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

25 avril

10:00 dimaten
Sesyon Konferans:
Zòn Prezans pou
2018-2019

11:00 dimaten
Reyinyon Regilye;
Lekti Inisyal – Zòn
Prezans pou
2018-2019

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

23 mas - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon

26 -30 mas - Vakans Prentan

19 avril - Jounen lekòl regilye (avan sa li te yon jounen pou lage lekòl segondè bonè)

20 avril - Jounen lekòl regilye (avan sa li te yon jounen pou pwofesè fè planifikasyon)

SEKIRITE SOU RAY TREN



M-DCPS fè patenarya avèk 'Brightline' pou l lanse yon kanpay sansibilizasyon sou sekirite, pou asire fanmi yo konnen Brightline ap kòmanse sèvis li nan pwochen semèn ki ap vini yo. Avèk tren ki ap woule a 79'MPH', li enpòtan pou tout moun suiv pwosedi sekirite yo lè yo toupre zòn pou travèse wout tren an.

Konsèy Enpòtan sou Sekirite:

- Li pa legal pou mache oubyen jwe sou ray tren oubyen zòn priyorite tren yo, sou kèlkeswa bò a.
- Tren yo deplase pi vit e yo pi pre pase sa nou panse.
- Yon tren bezwen yon (1) 'mile' (apeprè yon kilomèt) pou l kanpe pou yon ijans.
- Toujou rete dèyè liy jòn ki sou platfòm estasyon tren yo.
- Travèse sèlman kote ou wè siy pou travèse.
- Pa janm travèse ray lè w wè yon tren ap vini.

M-DCPS PRAN ANGAJMAN POU PWOTEJE LEKÒL YO

Après zak vyolans enkwayab sa a ki te fèt 14 fevriye 2018, nan Marjory Stoneman Douglas High School nan Parkland, Komisyon Konsèy Lekòl la ak tout fanmi M-DCPS la kontinye ap ofri kominote Broward la sipò. Manm Ekip Kriz Distri a, tankou sikològ, travayè sosyal, ak konseye fanmi, kontinye ap ofri sipò adisyonèl bay elèv, anplwaye ak fanmi "Broward County Public Schools (BCPS)" (Lekòl Leta Broward County).

Touswit apre ensidan terrib sa a, lidè M-DCPS yo te kòmanse yon evalyasyon detaye sou pwotokòl sekirite ak pwoteksyon ki la deja yo avèk objektif pou idantifye opòtinite pou amelyorasyon. Yon kesyon ki te domine pwosesis la se: "Kijan nou ka pi byen pwoteje timoun nou yo?" Rezilta evalyasyon an se yon seri rekòmandasyon sou amelyorasyon nan pwotokòl sekirite distri a, nou devlope an kolaborasyon avèk ajans lokal ak eta yo, pou asire chak lekòl Miami-Dade gen sekirite.

Chèmmann Komisyon Konsèy Lekòl la Perla Tabares Hantman, Sipèentandan

Lekòl yo Alberto M. Carvalho, Majistra Miami-Dade County Carlos A. Gimenez, Chemann Komisyon Konte a Esteban L. Bovo, ak Avoka Eta a Katherine Fernandez-Rundle ekri yon lèt ansanm e e voye l bay moun ki ap fè lwa yo pou jwenn solisyon alontèm pou amelyore sekirite elèv. Pami demand nou fè yo genyen yon \$30 milyon dola adisyonèl nan finansman eta a nou bezwen pou sipòte pou amelyorasyon nou atann ki pral ranfòse sekirite lekòl

Kòmanse imedyatman, nou pran etap ki ap suiv yo:

- Nou mande pwofesè klete pòt salklas yo pandan jounen lekòl la. Yon moun dwe gen yon kle oubyen frappe pou li antre nan yon salklas apre sesyon an kòmanse.
- Tout lekòl segondè pral enplemanite itilizasyon "ID" (idantifikasyon) obligatwa.
- Nou ap evalye tout andwa lekòl yo pou diminye pwen antre yo, e nou ap revize pwotokòl ki gen rapò ak similasyon sou sekirite ak fèmèn/bloke aksè nan lekòl yo.
- Nou ap repozisyon tout resous aplikasyon lalwa ak sante mantal nan andwa

lekòl yo.

• Nou bay nouvo enstriksyon ki gen rapò ak pèfòmans anplwaye sekirite lekòl yo, ki mande pou tout anplwaye sekirite – san eksepsyon – mete inifòm idantifyab, pou ogmante vizibilite sou kanpous la.

• Nou ap ogmante kominikasyon avèk paran yo atravè itilizasyon mesaj tèks pou bay enfòmasyon lè nou resevwa yon menas ak notifikasyon yon fwa menas la fin pase.

Paran, elèv ak anplwaye M-DCPS dwe konnen "Miami-Dade Schools Police Department (M-DSPD)" (Depatman Polis Lekòl Miami-Dade County) pran tout menas kont lekòl yo oserye. M-DSPD ap envestige yo chak imedyatman pou detèmine si yo vrè idantifye moun ki fè yo a.

Kòm toujou, pwoteksyon ak byennèt elèv ak anplwaye lekòl yo se priyorite nou. Nou raple tout moun pou yo rapòte nenpòt aktivite ki sispèk nan rele 305-995-COPS (2677) oubyen 305-471-TIPS (8477).

Sonje, si w Wè yon Bagay Di yon Bagay.

ENSKRI KOUNYE A! DELÈ A SE 30 MAS 2018!

5K Superintendent's Challenge
2018 RACE FOR EDUCATION

Scan to register!

Register Now! Saturday, April 7, 2018

"Foundation for New Education Initiatives (FNEI)" (Fondasyon pou Nouvo Inisyativ nan Edikasyon) ak Sipèentandan Lekòl yo Alberto M. Carvalho ap mete ansanm yon fwa ankò pou prezante 3èm Kous Anyèl pou Edikasyon pou benefisye lekòl leta lokal yo, 7 avril. FNEI pral bay lekòl ki patisipe yo yon pousantaj nan benefis kous yo, baze sou kantite oubyen patisipan chak ekip lekòl ki enskri. Nou ankouraje patisipan yo pou kouri pou yon ekip lekòl. Enskripsyon ouvri kounye a nan: www.athlinks.com/event/superintendents-5k-challenge-walkrun-167578 Adilt ka enskri kòm yon kourè/Machè avèk yon frè enskripsyon \$30.00 + \$3.03. Elèv gen twa opsyon pou yo chwazi soti: Kous 5K, 1-"mile" (apeprè yon kilomèt), e Kous pou Timoun ant 2-9 an. Enskripsyon pou chak opsyon timoun se \$10.00 + \$1.68 frè enskripsyon. Patipisan gen opsyon pou enskri kòm yon moun oubyen mete yo avèk yon ekip ki deja la.

EDE ELÈV FÈ FAS AK TRAJEDI NAN LEKÒL

Fiziyad trajik ki te fèt nan zòn Broward County a ka lakoz konfizyon ak estrès emosyonèl lakay timoun. Paran yo dwe pare pou yo ede timoun yo fè fas ak konsekans trajedi sa a.

Yo dwe ankouraje timoun yo pou yo kontinye ak woutin nòmal yo e sitou nou dwe fè timoun yo konnen tout moun ap fè sa yo kapab pou kenbe yo pwoteje e ansekirite.

Asosyasyon nasyonal Sikològ Lekòl rekòmande konsèy ki ap suiv yo pou paran lè y ap pale avèk timoun yo konsènan vyolans:

1) Bay timoun yo bonjan asirans yo ansekirite.

2) Pran tan pou pale.

3) Bay eksplikasyon ki apwopriye ak devlopman timoun yo.

4) Revize pwosedi sekirite yo.

5) Obsève eta emosyonèl timoun yo.

6) Limite tan n pase ap gade evènman sa yo.

7) Kenbe yon woutin nòmal.

Pou plis enfòmasyon vizite, <http://bit.ly/2ELoKbN> or <http://www.nasponline.org/>.



MENAS SOU ENTÈNÈT



Pandan Etazini nan lapenn akòz viktim trajedi ki te fèt nan Lekòl Segondè Marjory Stoneman, M-DCPS ak distri atravè peyi a ap fè fas ak yon seri menas sou medya sosyal.

M-DCPS ap raple paran ak elèv yo yon menas ekri pou touye oubyen fè moun mal se yon krim, yo pap tolere, e yo ap pousuiv moun ki fè menas la devan lajistis ak tout severite lalwa mande. Silvouplè pale avèk timoun yo sou sa.

KALANDRIYE LEKÒL 2018-2019



Kalandriye Lekòl 2018-2019 la te fèt gras ak kolaborasyon ant Komite Espesyal pou Kalandriye Lekòl la, ki gen ladan reprezantan M-DCPS, UTD, ak PTA/PTSA. Premye jou lekòl pou elèv ap 20 out 2018.

Pou plis enfòmasyon vizite, www.dadeschools.net/calendars

KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:

Primè: Devlope Ladrès Matematik Pitit ou <http://bit.ly/2Fac18Z>

Segondè: Paran, Èske w Mete Twòp Presyon sou Pitit ou ki Adolesan? <http://bit.ly/2oE69VI>



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chair
Dr. Martin Karp, Vice Chair
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Dr. Lawrence S. Feldman
Dr. Steve Gallon III
Lubby Navarro

Dr. Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipèntandan Lekòl yo
Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Kominikasyon ki Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisyè Anchèf Kominikasyon